



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON ATACHE LAPRÈS DANI LEVER

“Aksè a entènèt rapid se pi gwo egalizatè nan sosyete aktyèl lan. Pou kominote riral ak rejyon Nò yo ka konpetitif sou pan ekonomik ak sosyal, yo bezwen kouvèti entènèt rapid ak aksè ak opòtinite ke li ap bay. Se poutèt sa eta a te etabli objektif 100% Entènèt Rapid Pou Tout Moun (100% Broadband for All) nan epi li te angaje 500 milyon dola pou fè sa vin yon reyalite. Se poutèt sa tou ke Komisyon Sèvis Piblik lan (Public Service Commission) te eksplisiman kondisyon apwobasyon li pou acha Time Warner Cable pa Charter Communications an 2016 lan sou angajman Charter te pran pou pote kouvèti entènèt rapid pou 145,000 kliyan nan zòn ki mwens peple yo nan Eta a.

Regretableman, olye de onore angajman li, Charter, ki ap fè biznis ak nan eta a sou non Spectrum, te ankò e ankò pa’t rive akonpli obligasyon li yo, patikilyèman nan zòn riral yo, kote li pi chè pou konstwi rezo entènèt rapid yo. Li te angaje tou nan yon kanpay pou desevwa piblik lan nan kwè ke li ap depase angajman li te pran anvè eta a atravè piblisite ki twonpè sou pèfòmans li. Komisyon Sèvis Piblik lan reprezante epi li ap sèvi popilasyon New York lan. Li pa ta dwe entimide pa yon jeyan medyatik ki enterese sèlman pa pwofi li yo olye de byennèt popilasyon an”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)